



**Koute ak
Aji Byen Vit**
ta ka ede sove lavi l

HEAR
KOUTE ENKYETID LI YO

Kijan Ou Kapab Ede?

Si yon fanm ki ansent oswa ki fèk ansent fè konnen enkyetid pou nenpòt sentòm li genyen, pran tan pou Koute Li. Si li di li santi yon bagay pa mache byen, ankouraje l al chèche swen medikal. Si li gen yon siy avètisman ijan pou manman, li dwe jwenn swen medikal touswit. Asire ke li di li ansent oswa li te ansent nan ane pase.

Aprann siy avètisman ijan pou manman yo:

- Maltèt grav ki pa vle pase oswa ki vin pi mal oframezi
- Vètij oswa endispozisyon
- Panse pou fè tèt ou mal oswa tibebe ou an
- Chanjman nan vizyon ou
- Lafyè 100.4° F oswa pi wo
- Anflamasyon estrèm nan men ou oswa nan figi ou
- Pwoblèm pou respire
- Doulè nan pwatrin oswa batman kè rapid
- Kèplen grav ak vomisman (*pa tankou kèplen gwosès lematen*)
- Doulè grav nan vant ki pa vle pase
- Mouvman tibebe a k ap sispann oswa k ap ralanti pandan gwosès la
- Senyen nan vajen oswa likid k ap koule pandan gwosès la
- Gwo senyen nan vajen oswa likid k ap koule ki gen move sant apre gwosès la
- Anfleman, woujè oswa doulè nan janm ou
- Fatig akablan

Aprann plis sou Kanpay Koute Li CDC a nan www.cdc.gov/HearHer.

Koute Li

Si moun pwòch ou an fè konnen li santi yon bagay pa bon, men kèk pwèn diskisyon pou ede pou konvèsasyon an:

Pandan Gwosès

- Avèk tout bagay k ap chanje kounye a, li difisil pou di kisa ki nòmal. Li pi bon pou verifye si gen nenpòt bagay ki enkyete ou.
- Li enpòtan pou nou pataje enfòmasyon sa yo avèk doktè ou epi asire tout bagay anfòm.
- Mwen la pou ou. Ann pale avèk yon founisè swen sante pou jwenn swen ou bezwen yo.

Aprè Gwosès

- Li nòmal pou ou santi ou fatigue ak pou ou gen kèk ti doulè apre ou fin akouche, men ou konnen kò ou pi byen. Si yon bagay ap enkyete ou, ou dwe pale avèk doktè ou.
- Byenke nouvo tibebe ou an bezwen anpil atansyon ak swen, li enpòtan tou pou ou pran swen tèt ou.
- Ou pa poukont ou. M ap koute ou. Ann pale avèk yon founisè swen sante pou jwenn swen ou bezwen yo.

